



Moustik Maladi

Ki maladi moustik yo pwopaje?

Moustik yo ki nan zòn nou an kapab pwopaje Viris Oksidantal Nil (WNV) ak Ansefalit Ekin Lès (EEE). Moun kapab atrape WNV oswa EEE lè yon moustik ki enfekte mòde yo. Moustik yo jwenn maladi sa yo lè yo mòde zwazo ki enfekte yo, men moun pa kapab genyen WNV oswa EEE de zwazo yo dirèkteman. Pifò moun ke moustik enfekte mòde pa eksperimanman sentòm oswa gen sentòm modere, men kèk ladan yo kapab devlope maladi grav.

Èske moun nan Boston malad akòz de moustik yo?

Yo te jwenn moustik WNV nan Boston chak ane depi 2000 epi sa te koze kèk moun malad anpil. Yo jwenn EEE nan Boston okazyonèlman. Ka moun ki genyen EEE ra anpil nan Boston, men sa ka rive.

Èske mwen a risk?

Moustik nan Boston yo pi aktif epi gen plis chans pou yo pote maladi apati mwa jiyè jiska Septanm, men yo kapab pwopaje maladi jiska premye gwo glas la (osi ta ke Novanm). Moun ki gen plis pase 50 ane gen anpil risk pou yo eksperimanman maladi grav si yo enfekte avèk WNV. EEE kapab koze maladi grav nan nenpòt gwoup laj.

Kisa pou m fè si yon moustik mòde m?

Toulède WNV ak EEE se bagay ki ra, epi li pa evidan ke w pral malad si yon moustik mòde ou. Sepandan, ou dwe kontakte doktè w imedyatman si w devlope yon gwo lafyèv, konfizyon, gwo maltèt, si kou w rèd oswa si zye w vin sansib a limyè.

Kijan m kapab pwoteje fanmi m ak tèt mwen?

Evite moustik mòde w ak repwodiksyon moustik se pi bon fason ou kapab ede “mosquito-proof Boston.”

STOPE KOUT DAN MOUSTIK

Si w se yon moun ki renmen rete deyò pandan solèy ap kouche ak leve, oswa nan yon zòn ki gen moustik, konsidere opsyon sa yo pou stope kout dan moustik yo:

- **Itilize pwodwi kont moustik.**
 - Itilize repilsif ki genyen DEET, Iwil sitwon ekaliptris, Pikaridin oswa IR3535.
 - Toujou li enstriksyon yo ki sou etikèt la.
 - Applike DEET sou po ki ekspoze (evite zye ak bouch) ek sou rad, men pa sou plè oswa blesi.
 - Pa aplike l anba rad yo.
 - Apre w fin soti deyò, lave pwodwi a avèk savon ak dlo. Si pwodwi a te aplike dirèkteman sou rad, lave l anvan ou mete l ankò.
 - Itilize inikman repilsif ki apwouve pou bèt domestik.
 - Pa itilize konsantrasyon DEET nan plis ke 30%.
 - Pa kite timoun yo aplike repilsif sou tèt yo.
 - Pa itilize repilsif nan zye timoun yo, bouch, oswa men yo epi itilize prekosyon arebò zòrèy yo.
 - Pa aplike DEET sou tibebe (yo kapab itilize moustikè sou chèz ak bèso timoun yo) oswa Iwil sitwon ekaliptris sou timoun ki poko gen laj 3 ane.

- **Kouvri ou.**
 - Mete rad pwoteksyon tankou chemiz manch long, pantalon long ak chosèt otan ke posib. Rantre chemiz ou nan pantalon w pou kenbe moustik yo pou yo pa rantre anba rad ou.
- **Evite Moustik yo.**
 - Malgre moustik yo kapab mòde a nenpòt kilè nan jounen an, yo pi aktif pandan solèy la pral kouche ak lè l ap leve. Eseye limite kantite tan w ap pase deyò pandan tan sa a.
- **Pwoteje lakay ou.**
 - Asire w twil pòt ak fenèt yo pa gen twou ladan yo. Twil yo ki nan bon kondisyon pral ede prevni pou moustik pa rantre andedan lakay ou.

STOPE REPWODIKSYON MOUSTIK

Moustik yo ponn ze yo nan dlo ki poze, kidonk li enpòtan pou asire ke bagay ki arebò lakay ou pa kolekte dlo. Li pran sèlman yon semèn pou yon moustik k ap viv nan dlo grandi vin adilt. Asire ke w drene tout bagay ki kenbe dlo yon fwa pa semèn pou prevni repwodiksyon moustik.

- **Veso:** Vire oswa kouvri po flè ki pa sèvi yo, bokit, bokit fatra, ak bourèt yo. Chanje dlo nan basen zwazo yo yon fwa pa semèn.
- **Goutyè:** Retire fèy ak lòt debri ki kapab bouche goutyè yo ak anpeche dlo a koule.
- **Pisin:** Kouvri pisin ki pa sèvi epi vire psisin timoun yo lè yo pa p sèvi. Asire ke w kenbe kouvèti pisin yo klè san fèy ak dlo. Kenbe gwo pisin yo trete ak sikile.
- **Vye Kawotchou yo:** Kouvri oswa jete yo. Yo se sit repwodiksyon moustik yo pi renmen.

